

# Reflechi Anvan Ou Voye : Réalité Sou Bagay Ou Besoin Konnen Sou Tèks Mesaj Seksyèl ak Entimidasyon Sou Entenet

*Yon Gid Edikatif pou Jèn*

Se Biwo Prokirè General Massachusetts avèk  
Biwo Pou Defans Timoun ki devlope gid sa

## Nou la pou ede w

Pafwa moun ki lakòz lòt moun gen domaj te sibi yon domaj menm jan tou. Pafwa, lè nou fè yon move bagay, nou konn fè l paske nou te santi yon presyon pou nou fè l, oswa nou pa t reyalize fason aksyon yo ap gen enpak sou lòt moun. Chak sitiyasyon diferan. Kodonatè Gwoup ou an la pou ede w pale sou sitiyasyon ki te mennen w nan pwogram sa a, epi travay avèk ou pou ede w idantifye estrateji k ap kenbe ou an sekirite, pou w pa tonbe nan menm pwoblèm nan anko . **Si w bezwen èd - tankou si yon moun ap ba w presyon pou fè yon bagay ki gen danje oswa ou pa vle fè - kontakte Kodonatè Gwoup ou an oswa yon moun ou fè konfyans ki kapab ba ou sipò epi ede w travèse nan pwochen etap yo.**

## Kisa tèks mesaj seksyèl la ye?

Tèks mesaj seksyèl se lè w voye mesaj sou sèks, imaj (tankou yon sèlfì toutouni), oswa vidyeo bay yon lòt moun nan telefòn, òdinatè oswa kamera. Ou kapab te voye mesaj seksyèl sa yo pa tèks, snap, DM, imèl oswa an dirèk sou FaceTime.

## Mesaj seksyèl ak Entelijans Atifisyèl

Avèk nouvo teknoloji a, gen kèk moun ki kòmanse itilize pwogram Entelijans Atifisyèl (AI) la pou kreye fo imaj yon moun ki sanble vre. Yo rele kalite imaj sa yo “deepfake.” Li ka paret san danje lè yon moun kreye imaj “moun toutouni,” men li ka gen menm konsekans ak lè w voye oswa pataje “vrè” imaj.

## Kilè mesaj seksyèl yo vin pi danjere?

Mesaj seksyèl, oswa biblikasyon ak pataj imaj moun toutouni kapab reprezante gwo danje. Rechèch yo montre moun kapab viv eksperyans ki negatif apre yo fin voye kontni seksyèl. Santiman sa yo kapab gen ladan l:

- Santi w malalèz ak règrè;

- Tristès oswa menm depresyon;
- Enkyetid sou sa ki ka rive avèk mesaj oswa imaj yo;
- Ou santi w izole ak lòt moun.

Se pa tout moun k ap viv bagay sa yo, men gen kèk moun k ap viv yo. Se pou rezon sa a li danjere pou fòse yon lòt moun voye mesaj seksyèl tou - li kapab gen yon enpak sou sante mantal li.

Menm lè ou se yon adilt epi mesaj seksyèl ki fèt ak konsantman legal, li pa JANM bon pou:

- Bay moun presyon pou fè yon bagay li pa santi l alèz pou fè;
- Voye foto toutouni oswa mesaj seksyèl bay yon moun san otorizasyon l;
- Fè chantaj oswa entimidasyon sou yon moun pou konvenk li voye mesaj seksyèl;
- Menase pou kite avèk yon patnè si li pa voye mesaj seksyèl;
- Anrejistre yon moun san li pa dakò.

### **Èske w te konnen?**

Nan Massachusetts se yon krim pou pataje, montre, voye, pataje oswa ajoute foto toutouni yon moun ki gen pi piti pase 18 lane. Li ilegal menm si se imaj toutouni patnè w, zanmi w, kondisip klas, yon moun ou pa konnen oswa tèt ou. Li ilegal menm si se yon imaj toutouni ki jenere apati entelijans atifisyèl oswa ki otantik nèt. Jwenn plis enfòmasyon sou mesaj seksyèl ak sou lwa vo anba a.

Pafwa nou konn resevwa yon mesaj de yon lòt moun, epi nou konn vle pataje l ak yon lòt moun. Menm lè ou panse se yon konpliman pou moun nan, li pa nòmal pou pataje oswa voye mesaj tèks. Lè w fè sa ou kapab anbarase, imilye oswa menm fè moun nan santi l devaste. Se yon gwo vyolasyon vi prive lòt moun.

## **Kijan mesaj seksyèl yo kapab gen enpak sou mwen?**

Nou te pale sou fason lè w bay yon moun presyon pou voye mesaj seksyèl oswa pataje yon mesaj seksyèl li kapab deranje lòt moun oswa menm gen enpak sou sante mantal ou. Li kapab mennen w ak lòt konsekans tou. Men kèk bagay ki kapab rive w:

- Pèdi zanmi w paske yo ka panse yo pa kapab fè w konfyans ankò;
- Pèdi privilèj ou gen lakay ou;
- Konsekans nan lekòl - ou kapab pèdi yon plas ou te gen nan yon ekip espò oswa lòt aktivite ki pa nan aktivite eskolè regilye yo, oswa yo ka ranvwaye w oswa mete w deyò lekòl la.

- Tonbe nan pwoblèm ak lalwa.

### **Reflechi sou sa**

Si ou ap voye yon mesaj seksyèl, kisa ki fè w deside fè sa?

Si ou mande yon moun voye mesaj seksyèl, poukisa ou te mande l sa?

Si ou mande yon moun voye mesaj seksyèl epi li voye l, poukisa ou panse li voye l? Èske ou santi li alèz ak rezon an?

Èske w konn yon moun ki te sibi presyon oswa entimidasyon pou voye mesaj seksyèl?  
Kòman l te santi l?

Èske w konn yon moun yo te pataje mesaj seksyèl li avèk lòt moun? Kijan sa te gen enpak sou li?

## **Ann nou gade pi pre lwa nan Massachusetts sou mesaj tèks seksyèl, pònografi timoun ak Revanj Pònografik**

Jou ki te 28 septanm 2024, yon nouvo lwa, “Lwa pou anpeche abi ak eksplwatasyon” te rantre an vigè nan Massachusetts. Lwa sa a yo rele pafwa lwa sou “revanj pònografik” fè konnen li se yon aksyon kriminèl pou pataje imaj toutouni oswa imaj seksyèl eksplisit san konsantman, epi li te mande pou yo kreye yon pwogram reyafektasyon edikatif pou jèn ki angaje yo nan voye mesaj seksyèl ak konpòtman ki gen rapò ak sa.

Nan kad lwa sa a, se yon krim pou yon jèn genyen, , montre, pataje, transmèt, achte, oswa ajoute sou yon sit entènèt, yon foto oswa video yon timoun ki gen pi piti pase 18 lane ki toutouni oswa ki angaje l nan aktivite seksyèl. Konpòtman yo souvan konsidere kòm “mesaj seksyèl.” Menm si foto oswa video a gen ou menm, patnè w, zanmi w, kamarad klas oswa menm yon moun ou pa konnen. Menm si foto moun toutouni a se yon “deepfake” entelijans atifisyèl jenere oswa yon “vrè imaj.” Lè yon moun vyole nouvo lwa sou mesaj seksyèl sa a (M.G.L. c. 272, § 29D) li kapab lakòz moun nan gen akizasyon pou delenkans nan yon tribinal pou jèn.

Nouvo lwa pou jèn yo akize ki fè krim nan kote yo voye mesaj seksyèl yo fè konnen yap gen posibilité pou patisipe epi konplete yon pwogram reyafektasyon edikatif olye yo gen yon akizasyon kriminèl ki parèt nan “kazye jivenil” li.

Anplis, lè w voye foto oswa vidéyo yon lòt moun ki toutouni oswa ki ap fè yon aktivite seksyèl, li kapab lakòz li gen blesi fizik, pwoblèm ekonomik, oswa gwo detrès emosyonèl moun nan ap genyen an, kapab nan kèk sikonsans , kalifye kòm “revanj pònografik” epi yo kapab kalifye l kòm asèlman kriminèl (M.G.L. c. 265, § 43A). Premye enfrakson an se yon deli kote ou kapab pran prizon oswa peye yon amann, men si moun nan kontinye fè sa li kapab peye yon amann oswa ale nan prizon nan eta kote ou rete a.

Selon sa ki di nan dosye a, lè yon moun pataje mesaj seksyèl oswa fè revanj pònografik li kapab gen akizasyon pou vyolasyon lwa sou pònografi eta nou an. Pa egzanp:

- Pran (oswa ankouraje moun pran) foto/vidéyo yon timoun ki gen pi piti pase 18 lane, ki toutouni oswa ki angaje nan yon aktivite seksyèl kapab kalifye kòm yon timoun ki nan eta toutouni oswa inkonduit seksyèl (M.G.L. c. 272, § 29A);
- Pran foto oswa vidéyo yon timoun ki gen pi piti pase 18 lane, ki toutouni oswa ki angaje nan yon aktivite seksyèl kapab kalifye kòm difizyon pònografi (M.G.L. c. 272, § 29B); ak
- Anrejistre foto oswa vidéyo yon timoun ki gen pi piti pase 18 lane, ki toutouni oswa ki angaje nan yon aktivite seksyèl kapab kalifye kòm posesyon pònografi timoun (M.G.L. c. 272, § 29C);

Lè yon moun vyole lwa sou pònografi timoun sa yo li kapab lakòz yo arete oswa ale nan prizon (swa nan sistèm jivenil oswa adilt) epi yap mete non w nan rejis delenkan seksyèl.

Yon dosye kriminèl, menm yon dosye jèn kapab gen enpak sou admision nan inivèsite, bous etid, travay, seleksyon pou ekip espò, admision nan militè, epi pou kalifye pou kèk lojman ak kèk lòt konsekans ki posib.

Konsekans sa yo kapab fè w pè – men sonje, si w twouwe w nan yon sitiyasyon difisil, li t ap pi saj ak pi bon pou pale ak yon grammoun ou fè konfyans epi mande l èd. Pou rezon sa, nouvo lwa yo ankouraje w pou fè sa:

**Li pa yon krim** s'iw bay polis, anplwaye lekòl, oswa paran/paran fwaye akèy/responsab legal aksè ak foto epi vidéyo ilegal yon timoun ki toutouni oswa ki angaje nan aktivite seksyèl

## Entimidasyon Sou Entenet pa amizan, li kriyèl - epi li kapab kont lalwa

Entimidasyon sou entenet se lè yon moun itilize teknoloji, tankou mesaj tèks, imèl, rezo sosyal, jwèt anliy, foto oswa son pou blese oswa deranje yon lòt moun avèk konpòtman ki pa akseptab, agresiv, epi pesistan. . Li kapab danjere menm jan ak lè yap entimide yon moun an pèsòn - epi pafwa li kapab menm plis pase sa. Entimidasyon entenet se yon vyolasyon lalwa, epi li kapab mete moun nan gwo pwoblèm.

Men kèk egzanp entimidasyon sou entenet :

- Voye yon mesaj seksyèl, imaj oswa vidéyo (yo rele li sibè-flach tou) konsa bay yon moun ki anliy.
- Pede voye imaj seksyèl oswa vidéyo bay yon moun ki pa vle, epi fè l santi l koupab pou li kapab voye youn pou ou (pa egzanp, "mwen montre w pa m, alò ou kapab montre m pa w").
- Menase pou kite ak menaj ou oswa moun w ap frekante a si li pa voye imaj seksyèl, vidéyo oswa mesaj pou ou.
- Bay yon moun ou konnen presyon pou li voye imaj seksyèl, vidéyo oswa mesaj.
- Anrejistre yon moun san li pa dakò, epi pataje l, pibliye, oswa menase l pou pataje oswa pibliye imaj oswa vidéyo seksyèl sa yo.
- Pataje oswa pibliye imaj seksyèl, vidéyo oswa mesaj pou pran revanj sou yon moun (pa egzanp, yon ansyen zanmi, yon ansyen patnè, oswa yon moun ou pa renmen).
- Fòse oswa bay yon moun presyon pou retire rad sou li, epi apre sa pibliye l oswa pataje l avèk lòt moun.

### **Poukisa moun fè entimidasyon sou entenet ?**

- **Paske yo santi yo gen yon presyon** pou rabese moun. Pafwa moun aji san yo pa reflechi ak bagay yo, epi paske yo wè lòt moun ap fè yon bagay, menm si bagay la pa bon oswa se yon move lide.
- **Paske yo ap chèche atansyon lòt moun** oswa yo jwenn reyakson moun yo vize a. Pafwa moun yo wè entimidasyon enetent "kòm yon jwèt" – men se pa yon jwèt pou moun yo vize a.
- **Paske yo vle montre fòs, kontwòl oswa pouvwa sou lòt moun.** Pafwa lè moun santi ensekrite pa rapò ak tèt yo oswa yo santi yo san pouvwa, yo entimide lòt moun yon fason pou santi yo pi byen, pi fò, oswa pou yo gen plis pouvwa.
- **Pou pran revanj** sou yon moun yo pa renmen.
- **Pou imilye** yon moun yo pa renmen.

### **Reflechi sou sa**

Èske ou fè yon bagay yo kapab konsidere kòm entimidasyon entenet déjà?

Si se wi, poukisa ou te fè sa? Kòman ou te santi w lè w te fè sa? Kijan ou panse moun ki te sibi entimidasyon an te santi l?

Poukisa ou panse lòt moun fè sa?

Poukisa ou panse moun di oswa fè bagay anliy ki parèt pi ekstrèm pase sa yo t ap fè an pèsòn?

---

*Avi non responsabilite: Nou fè bwochi edikatif sa a nan objektif pou bay enfòmasyon sèlman. Se pa yon konsèy legal, epi nou pa kapab konsidere l kòm yon tantativ pou bay konsèy jiridik sou pwen ki pale nan dokiman sa a.*

---

[FEN BWOCHI A]

---